

Poze Kesyon ak Pataje Enfòmasyon

Yon zouti pou fanmi ak lekòl pou
kreye yon IEP ki santre sou elèv



Lekòl Presegondè



Pwogram edikasyon endividiyèl (Individualized Education Program, IEP)

Objektif IEP se sipòt elèv ki gen andikap nan fè pwogrè ak atenn objektif yo. Ou jwe yon wòl enpòtan nan devlòpman yon IEP bon kalite. Ou konnen pitit ou a pi byen epi se oumenm sèlman ki ka pale sou konpòtman li nan diferan konteks. Donk, patisipasyon w nan devlòpman, revizyon ak mizajou IEP pitit ou a esansyèl.

Devlope yon IEP ki reflete fòs, enterè, bezwen, ak objektif pitit ou pral amelyore chans li pou siksè nan lekòl, lakay, nan kominote a ak pi lwen. Zouti sa a ba ou kesyon enpòtan pou poze ak enfòmasyon pou pataje nan reyinyon IEP pitit ou a ak pandan tout ane a.

Prepare pou reyinyon IEP a

An preparasyon pou reyinyon IEP pitit ou a, asire w ou fè bagay sa yo:

- Revize envitasyon/Avi sou reyinyon IEP ak konfime prezans ou oswa mande yon diferan dat/lè reyinyon. Si sa apwopriye, prepare pitit ou pou ale nan yon pati reyinyon IEP a oswa nan tout reyinyon an.
- Ou ka itilize "konje detanzantan" dapre Lwa sou fanmi ak konje medikal (Family and Medical Leave Act, FMLA) pou ale nan reyinyon IEP pitit ou. Mande patwon w enfòmasyon sou ki dokiman w ap bezwen pou soumèt pou yo apwouve w. Pote papye travay la nan reyinyon an, sizoka gen yon seksyon yon manm ekip DOE a dwe ranpli.
- Ansanm avèk Avi sou reyinyon IEP a, ou ta dwe resevwa nenpòt evalyasyon ak/oswa rapò pwogrè ke yo pral konsidere nan reyinyon an. Si w pa resevwa dosye sa yo, kontakte moun ki sou lis Avi reyinyon IEP a.
- Si pitit ou a gen laj 12 ane oswa pi gran, ekip IEP a pral mande w pou ranpli pòsyon entèvyou paran an nan Nivo 1 Evalyasyon pwofesyonèl la. Lè w resevwa Avi sou reyinyon IEP a, mande enfòmasyon sou Evalyasyon pwofesyonèl la.
- Si w bezwen asistans nan lang (tankou entèprèt), fè ekip IEP w la konnen omwen twa jou ouvrab avan reyinyon IEP a.
- Ou ka mande pou patisipasyon yon manm paran nan reyinyon IEP an. Yon paran manm se paran yon elèv ki abite nan Vil Nouyòk ki gen yon IEP pandan senk dènye ane yo. Pou mande patisipasyon yon Paran manmn, fè yon demand alekri nan ekip IEP a omwen 72 èdtan davans.
- Ou ka envite lòt manm fanmi oswa lòt moun ki gen konesans oswa ekspètiz konsènan reyinyon IEP pitit ou an. Ou ta dwe avize ekip IEP a davans, si w planifye pou mennen plis moun.
- Avize ekip IEP a davans, si w gen plis enfòmasyon (tankou evalyasyon prive) oswa si w ta renmen ekip IEP a konsidere nenpòt chanjman nan IEP a.

Plis Resous

Pou plis enfòmasyon sou pwogram, sipò ak sèvis edikasyon espesyal, ak pwosesis IEP nan lekòl leta Vil Nouyòk, tanpri refere w nan (**Gid Fanmi pou sèvis edikasyon espesyal pou timoun ki gen laj lekòl, (Family Guide to Special Education Services for School-Age Children)**), ke yo ka jwenn nan sitwèb Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE): <http://schools.nyc.gov/SpecialEducation>.

Tabmatyè

(Menm lòd avèk seksyon IEP a)

1	Kòman pou itilize resous sa a
2	Lè w prale nan lekòl segondè
3	Ajanda, Paj prezans ak Entwodiksyon
4	Paj kouvèti
5	Nivo pèfòmans aktyèl
13	Bezwen elèv la ki gen rapò avèk faktè espesyal
14	Objektif apre-lekòl segondè yo ka mezire
15	Objektif anyèl yo ka mezire
16	Rapòte pwogrè bay paran
17	Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal
19	Akomodasyon pou egzamen
20	Seri aktivite tranzisyon yo kowòdone
21	Patisipe nan evalyasyon
22	Patisipasyon avèk elèv ki pa gen andikap
23	Mwayen transpò espesyal
24	Rekòmandasyon pou yon plas
25	Rezime: Kritè pou chanje klas
26	Rezime: Enkyetid paran/Lòt opsyon yo konsidere

Kòman pou itilize resous sa a

Avan, Pandan ak Apre Reyinyon IEP a

Ou ka itilize resous sa a pou ede w **prepare ak patisipe nan reyinyon IEP pitit ou a.**

Avan Reyinyon IEP a

- Li kesyon yo nan seksyon "**Ki kesyon pou poze**" yo. Tcheke nenpòt kesyon ou planifye pou poze ak ekri nenpòt lòt kesyon ou genyen sou diferan seksyon IEP a. Se pa tout sijesyon sou kesyon pou poze ki pral aplike pou pitit ou a.
- Revize seksyon "**Ki enfòmasyon pou pataje**". Prepare tout enfòmasyon ou planifye pou pataje konsènan pitit ou a. Se pa tout sijesyon sou sa pou pataje ki pral aplike pou pitit ou a. Anplis, ou ka vle pataje enfòmasyon anplis.
- Si posib, ede pitit ou a chwazi nenpòt kesyon li ta renmen poze ak fè li panse sou tip enfòmasyon li ta renmen pataje avèk ekip IEP a.

Pandan reyinyon IEP a

- Asire w ou gen kopí IEP pitit ou a ki pi resan an epi mande ekip IEP pitit ou a pou avanse nan li seksyon pa seksyon.
- Pran nòt sou sa yo pale nan reyinyon IEP an.
- Poze pitit ou a nenpòt kesyon nan seksyon "**Ki kesyon pou poze**" epi pataje tout enfòmasyon aplikab pou pitit ou a nan seksyon "**Ki enfòmasyon pou pataje**".
- Si sa apwopriye, ankouraje pitit ou a poze kesyon ak pataje enfòmasyon.
- Nan fen reyinyon an, ekip IEP a ta dwe ba w yon kopí enprime paj brouyon Pwogram ak Sèvis Espesyal Edikasyon yo Rekòmande nan IEP a, ak si posib, yon kopí IEP final la.

Apre Reyinyon an

- Kenbe resous sa a. Gade nòt ou yo **apre reyinyon IEP a** lè w resewa yon kopí IEP konplè pitit ou a. Kontakte ekip IEP a si w gen plis kesyon, si yon bagay pa klè, oswa si kontni IEP yo diferan avèk sa w sonje ou pale sou yo a.
- Pale sou reyinyon IEP a avèk pitit ou a. Gade pou wè si pitit ou a gen plis kesyon oswa si yon bagay pa klè. Ankouraje pitit ou pou pale avèk pwofesè li. Sa ede devlope abilité kritik pou defann tèt li.

Lis tout sa pou fè

Yo òganize lis "**Ki kesyon pou poze**" ak "**Ki enfòmasyon pou pataje**" nan resous sa a nan menm lòd avèk seksyon IEP pitit a. Pou chak seksyon IEP a, gen sijesyon sou kesyon pou poze ekip IEP pitit ou ak ki enfòmasyon pou pataje konsènan pitit ou a. Avan reyinyon IEP a tcheke kesyon ou planifye pou poze yo ak enfòmasyon ou planifye pou pataje a.

Espas pou pran Nòt

Pandan reyinyon IEP a, ekip IEP a pral gide w atravè IEP pitit ou a seksyon pa seksyon. Se responsablite ekip IEP a pou ba w enfòmasyon jan yo mande nan chak seksyon IEP a. Si w ta renmen plis enfòmasyon, oswa si yon bagay pa klè, sezi opòtinite a pou poze kesyon. Ou ka itilize resous sa a tankou yon zouti pou pran nòt pandan reyinyon **IEP a** pou anrejistre sa yo te ple sou yo a. Kidonk, nou bay yon espas pou ajoute kesyon ak enfòmasyon anplis.

Lè w prale nan lekòl segondè

Reyinyon IEP ptit ou a se yon tan enpòtan pou pale sou tout tranzisyon ptit ou pral fè nan ane pwochèn lan. Itilize reyinyon IEP a tankou yon opòtinite pou poze kesyon ak pataje enfòmasyon ki pral ede yo prepare ptit ou a.

Planifikasyon pou tranzisyon se yon pwosesis yo itilize pou asire tout elèv ki gen IEP pou prepare pou lavi a apre lekòl segondè. Planifikasyon pou tranzisyon pou elèv yo kòmanse a laj 12 zan, li obligatwa pou yo gen **Evalyasyon pwofesyonèl Nivo 1**, oswa pi bonè si sa apwopriye. Lè sa a, elèv ak paran/responsab, ansanm avèk lekòl la, kòmanse idantifye ak chèche enterè, chwa, ak aspirasyon karyè elèv. Kòmanse lè yon elèv gen 14 zan, **Sèvis tranzisyon** dwe fè pati IEP a. IEP a gen ladan **Objektif yo ka mezire apre lekòl segondè** pou ptit ou a, bezwen pou tranzisyon an ak **Ansanm aktivite tranzisyon kowòdone** yo bezwen pou reyisi objektif yo. Se objektif ptit ou a, dezi li, ak abilite li k ap mennen pwosesis planifikasyon pou tranzisyon an, konsa ptit ou a se yon manm enpòtan ekip IEP a. Si nesesè, konsidere envite ptit ou a nan tout pati reyinyon IEP a.

Oumenm ak ptit ou ta dwe kòmanse planifye pou tranzisyon pou lekòl segondè byen bonè depi klas 6yèm ane. Planifye bonè ap bay fanmi w tan pou konsidere ki opsyon pou lekòl segondè k ap pi byen sipòte ptit ou a pou reyisi objektif pou kolèj, karyè, ak lavi endepandan.

Pou plis enfòmasyon sou "Ale nan lekòl segondè ", vale nan <https://www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/moving-to-high-school>.

Pou plis enfòmasyon sou prepare ptit ou a pou lavi apre lekòl segondè, al gade Gid fanmi pou planifikasyon Tranzisyon, (**Family Guide to Transition Planning**) nan www.schools.nyc.gov/special-education/preschool-to-age-21/after-high-school.

Lè w prale nan lekòl segondè

- Ptit ou a patisipe nan reyinyon an si w panse li apwopriye. Yo dwe envite timoun ki gen **14 zan oswa pi gran** pou patisipe nan reyinyon IEP yo kote planifikasyon pou tranzisyon ap oswa pral yon pati nan IEP a.
- Gen enfòmasyon enpòtan nan IEP ptit ou k ap gide aplikasyon ak pwosesis admisyon nan lekòl segondè. Si ptit ou a nan **klas 8yèm ane**, asire w pou mande lekòl presegondè ptit ou a pou dat ak delè enpòtan.
- Si yo deja ofri ptit ou a yon plas nan lekòl segondè, tanpri fè ekip IEP a konnen. Ekip IEP a ka kontakte lekòl segondè ptit ou a pral ale a pou jwenn enfòmasyon konsènan pwogram ak/oswa sèvis edikasyon espesyal.
- **Pandan reyinyon IEP a, asire w pou poze kesyon ak pataje tout enkyetid ou genyen sou tranzisyon ptit ou nan lekòl segondè.**

Ajanda, Paj Prezans ak Entwodiksyon

Ekip IEP a ta sipoze entwodui tèt yo ak pale sou objektif reyinyon IEP a. Chak moun ki vini sipoze siyen fèy prezans la. Sonje siyati w sèvi kòm konfirmasyon ou te patisipe nan reyinyon IEP a. Li pa nesesèman vle di ou dakò avèk li ni konsanti pou rekòmandasyon yo ki nan IEP a.

Ki kesyon pou poze

- Èske chak moun ka di non li ak ki travay li fè avèk pitit mwen an?
- Ki objektif reyinyon IEP sa a?

Lòt kesyon mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Non w ak lyen ou avèk timoun lan
- Si wi oswa non pitit ou a pral ale nan yon pati reyinyon IEP a oswa nan tout reyinyon IEP a.
- Si pa gen yon lòt moun (ki pa déjà prezan) ou ta renmen vini nan reyinyon an.
- Kisa w espere aprann nan reyinyon IEP a.

Lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Sonje dat reyinyon IEP a, tip reyinyon IEP a (inisyal, evalyasyon anyèl, reevalyasyon), non ak wòl chak moun nan sal la.

Konsèy

- Nan fen reyinyon IEP a, ekip la pral ba w yon kopi paj Pwogram ak Sèvis Edikasyon Espesyal yo Rekòmande nan IEP a. Asire w pou mande yon kopi si yo pa ba w youn. Y ap voye yon kopi final IEP a pou ou byen vit apre reyinyon an.
- Li enpòtan pou sonje menmlè dokiman an final, pwosesis IEP a ap kontinye. Ou ka mande yon revizyon IEP pitit ou oswa yon reevalyasyon pitit ou nan nenpòt moman.
- Pran nòt pandan reyinyon IEP a epi konpare nòt yo avèk IEP final la. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, fè ekip IEP a konnen.

Paj kouvèti

Paj kouvèti a montre non ptit ou, dat li fèt, tip andikap li ak dat evalyasyon anyèl IEP a.

Ki kesyon pou poze

- Ki tip andikap/bezwen espesyal ptit mwen ak kisa sa vle di?
 - Kòman ekip IEP a deside sou tip sa a?
 - Èske nou ka gade dokiman ki sipòte tip andikap sa a? (**Pou elèv ki gen yon tip andikap/bezwen espesyal andikap aprantisaj oswa twoub emosyonèl**)

Lòt kesyon mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Tout panse, kesyon, oswa enkyetid ou genyen konsènan tip andikap pitit ou a

Lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Sonje dat reyinyon IEP a, tip reyinyon IEP a (inisyal, evalyasyon anyèl, reevalyasyon), non ak wòl chak moun nan sal la.

Nivo pèfòmans aktyèl ak bezwen endividiyèl (Present Levels of Performance, PLOP)

Premye pati: Rezulta Evalyasyon

PLOP la pale sou fòs pitit ou ak bezwen inik ki gen rapò avèk andikap li. Li baze sou yon revizyon materyèl (tankou rezulta evalyasyon, egzamen nan klas, evalyasyon, ak rezulta egzamen leta) ak kontribisyon oumenm, pitit ou, pwofesè ak lòt estaf lekòl la. Yo prepare pwogram pitit ou a pou adrese bezwen yo idantifye nan PLOP la. Pati 1 nan PLOP la pale sou rezulta evalyasyon yo. Evalyasyon yo mezire abilite, konpetans, ak domèn bezwen pitit ou.

Ki kesyon pou poze

- Eske pitit mwen an nan nivo klas li nan lekti ak matematik? Èske w ka eksplike kòman w wè pitit mwen an diferan avèk lòt timoun laj li?
- Èske nou ka gade travay pitit mwen an? Kòman w konpare sa a ak timoun parèy li?
- Ki nòt pitit mwen an nan evalyasyon? Kisa nòt sa yo vle di?
 - Ki rezulta evalyasyon sikelòg la te ranpli yo? Kisa nòt sa yo vle di?
 - Kouman pitit mwen an te travay nan evalyasyon ki pi resan yo pou eta a, distri a, ak nan pou lekòl la ?
 - Kòman nòt sa yo ka afekte pwosesis admision pitit mwen nan lekòl segondè?
 - (**A laj 12 zan ak chak ane apre**) Kisa Nivo 1 Entèvyou pou Vokasyon (Vocational Interview) di w sou abilite, fòs, ak enterè pitit mwen an ki gen rapò avèk objektif kolèj ak karyè li? Èske pa gen okenn chanjman yo ta dwe fè pou pitit mwen an baze sou enfòmasyon sa yo?
 - (**Elèv k ap aprann lang angle (English Language Learners, ELL)**) Ki nòt pitit mwen an nan NYSESLAT? Kisa nòt sa yo vle di?

Lòt kesyon mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Rezulta evalyasyon yo te ranpli nan lekòl la oswa andeyò lekòl la
- Ansyen Pèfòmans pitit ou nan matematik ak ELA. Pataje konesans pèsònèl ou, sou panse pitit ou, santiman, ak konpòtman l sou sijè sa yo
- Panse sou pèfòmans pitit ou, pase ak kounye a, nan evalyasyon eta ak distri
- Kisa pitit ou a panse sou egzamen ak pèfòmans?
- Enfòmasyon sou pitit ou a ak objektif li nan pòsyon entèvyou paran an **Entèvyou pou Vokasyon Nivo 1.** (Ou ta dwe fè entèvyou paran an avan reyinyon IEP a.)

Lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Sonje non evalyasyon yo fè yo, nòt espesifik yo te bay ak sans nòt sa yo.

Konsèy

- Ekip IEP a ta dwe ba w kopi tout evalyasyon yo, dosye, ak rapò ke yo te itilize pou evalye pitit ou ak ou ta ka mande pou yo eksplike w nan pwòp lang ou.

Nivo pèfòmans aktyèl ak bezwen endividiyèl

Dezyèm pati: Akonplisman akademik, pèfòmans fonksyonèl ak karakteristik aprantisaj

Pati 2 nan PLOP la pale sou abilite akademik, konpetans, defi ak fòs aktyèl ptit ou a.

Ki kesyon pou poze

- Nan lekti, disètasyon, ak matematik, ki fòs ak bezwen ptit mwen ?
- Kòman w ka ede ptit mwen an amelyore nan zòn bezwen li?
- Èske ptit mwen an aprann vit nouvo konpetans?
- Pou konbyen tan ptit mwen an ka rete konsantre?
- Pou konbyen tan ptit mwen an sonje sa li te aprann?
- Kòman abilite lengistik ptit mwen afekte aprantisaj la?
- Kòman ptit mwen an konpòte lè I ap chanje aktivite soti nan youn pou yon lòt?
- Kòman ptit mwen an suiv règ ak woutin klas?
- Èske ptit mwen an òganize? Èske ptit mwen ale lekòl ak nan klas alè?
- Kisa ki ede ptit mwen an aprann pi byen?

Lòt kesyon mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Kontèks premye eksperyans lekòl ptit ou, reyinyon IEP, premye sèvis edikasyon espesyal.
- Enfòmasyon sou memwa oswa konsantrasyon ptit ou a, espesyalman lè w mande li pou fè yon travay oswa aktivite nan kay la.
- Ki jan w panse ptit ou aprann pi byen: nan tande, gade, oswa fè yon aksyon.
- Nivo endependans ptit ou a (tankou abilite pou vwayaje, swen pèsonèl, òrganizasyon, prezans)
- Santiman ptit ou konsènan jan li te travay ane pase.
- Enkyetid ou pou edikasyon ptit ou a

Lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Sonje nivo pèfòmans espesifik nan lekti, disètasyon ak matematik ak nenpòt lòt fòs oswa bezwen remakab.

Konsèy

- Si ptit ou a pral gen laj **12 oswa 14** an ane sa a, pral gen nouvo evalyasyon ak seksyon nan IEP y ap pale sou li a. Asire w pou poze kesyon konsènan Nivo 1 Evalyasyon pwofesyonèl (elèv ki gen laj **12 ak pi gran**) ak pou planifikasyon tranzisyon (elèv ki gen laj **14 an ak pi gran**).

Nivo pèfòmans aktyèl ak bezwen endividiyèl

Twazyèm Pati: Pwen fò, preferans ak enterè

Pati 3 nan PLOP gen ladan sa ptit ou a fè byen, ki jan ptit ou a aprann pi byen, ak enterè ptit ou a. Ekip IEP a pral diskite aktivite ak pwogram ptit ou a amize li ladan oswa prefere nan oswa deyò lekòl la, ansanm avèk pwen fò akademik ak sa k pa akademik ptit ou a.

Ki kesyon pou poze

- Ki pwen fò ptit mwen an nan klas li yo?
- Ki klas ak aktivite ptit mwen an pi renmen?
- Kòman pwofesè a itilize pwen fò ak enterè ptit mwen an pou anseye li?
- Nan ki aktivite ki pa akademik ptit mwen an enterese nan lekòl la?
- Èske ptit mwen an prefere travay pou kont li oswa an gwoup?
- Èske ptit mwen an gen preferans oswa pataje yo nan lekòl la?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Pwen fò akademik ptit ou a
- Matyè ak aktivite ptit ou prefere anndan ak deyò lekòl la.
- Lwazi ptit ou ak ki jan ptit ou an pase tan li deyò apre lekòl la.
- Tip liv ptit ou a renmen li ak sijè enteresan
- Enterè ptit ou, pwen fò, ak pasyon
- Nenpòt lòt preferans ke w vize lakay
- Objektif ak enterè ptit ou pou lavi apre lekòl segondè

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Sonje domèn enterè ak pwen fò espesifik nan lekòl la.

Nivo pèfòmans aktyèl ak bezwen endivididyèl

Katryèm pati: Bezwen akademik, devlòpmantal, ak fonksyonèl elèv la

Pati 4 nan PLOP la diskite domèn bezwen ak estrateji pitit ou pou adrese zòn bezwen yo.

Ki kesyon pou poze

- Nan ki matyè pitit ou a bezwen sipò?
- Ki abilite ak konesans pitit mwen bezwen pou satisfè nòm nivo klas la?
- Èske w ka dekri nenpòt eka ant nivo akademik pitit mwen kounye a ak nivo klas la?
- Ki estrateji aprantisaj ka ede li amelyore li?
- Kisa m ka fè lakay pou sipòte l?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Enkyetid ou konsènan reyisit akademik pitit ou a
- deskripsiyon zòn kote w kwè pitit ou bezwen pi gwo nivo sipò
- Enkyetid pitit ou konsènan kèk matyè, sijè, oswa abilite lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Sonje domèn pwen fò espesifik, tout eka nan nivo klas ak nivo akademik aktyèl, ak estrateji espesifik ki ka sipòte pitit ou.

Nivo pèfòmans aktyèl ak bezwen endividiyèl

5yèm pati: Devlopman sosyal

Pati 5 nan PLOP la fokis sou relasyon ptit ou avèk adilt ak kamarad li. Ekip IEP a pral diskite santiman ptit ou a sou tèt li ak si ptit ou a ajiste l byen nan anviwonman lekòl la.

Ki kesyon pou poze

- Èske w ka dekri konpòtman ptit mwen a nan lekòl la? Kilè li pi angaje?
- Nan ki fason ptit mwen an amelyore sosyalman?
- Èske w ka dekri relasyon ptit mwen avèk timoun parèy li ak adilt?
- Èske w ka dekri abilite ptit mwen pou jere estrès ak defann enterè li yo? Nan ki domèn li sanble gen plis konfyans?
- Èske gen domèn kote ptit mwen an bezwen sipò ak ki sipò ki bay bon rezulta?
- Ki defi nan konpòtman yo te obsève ak dokimante? Ki estrateji pou entèvansyon yo te eseye? Èske yo te fè evalyasyon konpòtman fonksyonèl (Functional Behavioral Assessment, FBA)? Èske yo devlope plan entèvansyon sou konduit (Behavioral Intervention Plan, BIP)? Si wi, kòman w mezire pwogrè ptit mwen? (**Pou elèv yo rekòmande sipò parapwofesyonèl pou konpòtman ("kriz")**)

Lòt kesyon mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Yon deskripsiyon bezwen emosyonèl ak konpòtman ptit ou lakay, ansam avèk pèspektiv sou konpòtman l nan lekòl
- Yon deskripsiyon relasyon ptit ou avèk zanmi yo, fanmi, ak lòt moun deyò lekòl la
- Nivo konfyans ptit ou, abilite pou jere sitiyasyon estrès, ak abilite pou defann pwòp tèt li
- Kisa oumenm ak ptit ou wè kòm pwen fò sosyal li
- Nenpòt enkyetid konsènan konpòtman ak entèakson sosyal ptit ou
- Tout estrateji konpòtman ki te bay rezulta lakay

Lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Sonje pwen fò konpòtman ak domèn emosyonèl espesifik kote ptit ou bezwen sipò ak estrateji ki reyisi.

Nivo pèfòmans aktyèl ak bezwen endividiyèl

6yèm pati: Devlopman fizik

Pati 6 nan PLOP la fokis sou sante ak devlopman ptit ou. Ekip IEP a pral diskite abilite fizik ak/oswa limit ptit ou ki gen rapò avèk pwosesis aprantisaj la.

Ki kesyon pou poze

- Ki enfòmasyon ou ka pataje sou kwasans fizik, vizyon ak odisyon ptit ou?
- Nan ki aktivite fizik ptit mwen an patisipe nan lekòl la? Kisa pèfòmans li sanble?
- Èske gen domèn kote ptit mwen bezwen sipò? Ki sipò ki ede li?
- Ki jan bezwen aksesibilite ptit mwen afekte aprantisaj li? Si ptit mwen bezwen yon lekòl ki gen aksè pou chèz woulant oswa pwogram, ki tip dokiman m ap bezwen bay? Èske bezwen aksè ptit mwen an pral enflyanse opsyon chwa lekòl li? (**Pou elèv ki gen bezwen aksè pou chèz woulant**)

Lòt kesyon mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Si wi oswa non ptit ou a gen kapasite limite pou deplase
- Si ptit ou a itilize yon chèz woulant ak/oswa èd pou mache
- Fason ou kwè ptit ou a briye sou plan fizik
- Nenpòt enfòmasyon ou santi lekòl la ta dwe konnen nan vizit doktè pi resan ptit ou a.
- Yon deskripsyon tout kondisyon medikal (tankou kriz oswa opresyon) ke lekòl la ta dwe okouran ak tout èd vizyèl oswa oditif li mande
- Tout enkyetid ou genyen konsènan sante ak devlopman fizik ptit ou
- Dosye medikal resan ak fòm k ap detaye bezwen fizik ak sante ptit ou (**Pou elèv ki gen bezwen aksè pou chèz woulant oswa bezwen sante ki ka mande yon enfimyè oswa yon para**)

Lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Sonje pwen fò ak bezwen espesifik nan domèn sa a ak sipò k ap ede ptit ou.

Nivo pèfòmans aktyèl ak bezwen endividiyèl

7yèm pati: Jesyon Bezwen

Jesyon bezwen se sipò yo bay ptit ou pou satisfè bezwen inik li. Sa ka gen ladan kantite sipèvizon adilt ak tout chanjman nesesè nan salklas la oswa nan enstriksyon an. Ekip IEP a pral pale sou tout estrateji oswa metòd ki pral ede w adrese domèn bezwen ptit ou.

Ki kesyon pou poze

- Ki estrateji ki bay bon rezulta nan sipòte aprantisaj ptit mwen?
- Ki metòd ansèyman espesyal ptit mwen benefisye?
- Kòman yo te chanje anviwonman salklas la pou sipòte ptit mwen?
- Ki materyèl ak resous yo itilize pou sipòte aprantisaj ptit mwen?
- Ki asistans adilt espesifik ptit mwen resevwa?
- Ki sipò pou konpòtman oswa sipò sosyal ki disponib pou ptit mwen an?
- (Pou elèv yo rekòmande pou yon parapwofesyonèl 1:1 oswa an gwoup)** Ki sipò yon parapwofesyonèl pral bay ptit mwen an? Kòman yon parapwofesyonèl ap pèmèt ptit mwen patisipe nan yon anviwònman ki gen mwens restriksyon an (Least Restrictive Environment (LRE)? Kòman ptit mwen an pral aprann abilité ak endepandans pou redui oswa elimine bezwen yon parapwofesyonèl? Èske travay yon parapwofesyonèl gen kèk efè negatif sou ptit mwen oswa sou kalite sèvis l ap resevwa yo?

Lòt kesyon mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Estrateji ak resous ki sipòte ptit ou nan aprann yon bagay nouvo oswa konplete yon travay difisil
- Yon deskripsyon tout chanjman nan anviwonman salklas la (tankou chita) ou panse ki ta dwe benefisye ptit ou
- Kisa ki motive oswa ankouraje ptit ou ansanm avèk nenpòt bagay k ap anpeche oswa dekoraje ptit ou Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Sonje metòd ansèyman, materyèl, resous ak asistans espesifik ki itil pou ptit ou.

Nivo pèfòmans aktyèl ak bezwen endivididyèl

8yèm pati: Efè Bezwèn Elèv sou Patisipasyon ak Pwogrè nan Kourikoulòm Edikasyon jeneral

Kourikoulòm Edikasyon jeneral la kouvri konesans ak konpetans tout elèv, ki gen ladan, elèv ki gen andikap, yo atann ta dwe metrize. Ekip IEP a pral pale sou sipò pou ptit ou ogmante patisipasyon l ak pwogrè l nan kourikoulòm Edikasyon jeneral la.

Ki kesyon pou poze

- Kòman andikap ptit mwen an afekte patisipasyon ak pwogrè li nan kourikoulòm edikasyon jeneral?
- Kòman andikap ptit mwen an afekte sa yo anseye li ak jan yo anseye li?
- Kòman andikap ptit mwen an afekte jan yo evalye li?

Lòt kesyon mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Yon deskripsyon objektif akademik ptit mwen (kounye a ak alavni)
- Nan nivo ou panse ptit ou a ta dwe patisipe nan kourikoulòm Edikasyon jeneral, ansanm ak lòt kamarad ki pa gen andikap (mete nan tèt ou sa ta dwe toujou premye opsyon konsidere)

Lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Fason espesifik andikap ptit ou afekte patisipasyon li nan edikasyon jeneral kourikoulòm ak fason ekip la santi li ka patisipe nan kourikoulòm Edikasyon jeneral ansanm avèk kamarad ki pa gen andikap.

Bezwen elèv la ki gen rapò avèk faktè espesyal

Ekip IEP a dwe konsidere 5 faktè espesyal: konpòtman, dapre Konesans limite nan lang anglè (Limited English proficiency, LEP), kondisyon avèg oswa pwoblèm pou wè byen, pwoblèm pou tandem oswa timoun soud, bezwen komunikasyon, ak itilizasyon teknoloji asistans. Pandan reyinyon IEP a, ekip IEP a pral pale si tout lòt faktè espesyal yo site yo afekte abilité ptit ou pou aprann ak tout sipò li ka bezwen.

Ki kesyon pou poze

- Èske ptit mwen an bezwen sipò anplis pou adrese konpòtman li? Si wi, èske elèv la bezwen yon plan entèvansyon pou konpòtman?
- (Pou elèv k ap aprann lang angle (English Language Learners, ELL)** Kòman ptit mwen an ka jwenn sipò pou aprann anglè?
- (Pou elèv ki avèg oswa gen pwoblèm pou wè byen)** Èske ptit mwen bezwen enstriksyon lèt Bray oswa itilizasyon Bray?
- Èske ptit mwen an bezwen tout sèvis oswa aparèy ede komunikasyon?
- Èske ptit mwen an bezwen teknoloji asistans? Si wi, ptit mwen pral bezwen teknoloji asistans lakay?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Tout estrateji ou jwenn ki bay rezulta nan adrese konpòtman ptit ou
- (Pou paran moun k ap aprann lang anglè)** Enfòmasyon konsènan lang yo pale lakay
- (Pou paran elèv ki gen pwoblèm pou tandem oswa pou wè)** Yon eksplikasyon espesyalize sèvis oswa aparèy espesyalize ptit ou itilize lakay oswa w panse ki ta dwe bay rezulta pou ptit ou

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Sonje sipò espesifik yo pral bay ptit ou dapre bezwen li.

Konsèy

- Elèv yo idantife tankou **Elèv k ap aprann lang angle (English Language Learners, ELL)** ka elijib pou sèvis edikasyon espesyal bileng oswa yon pwogram Edikasyon Espesyalize. Mande ekip IEP a kondisyon sou elijibilite ptit ou.
- Si ptit ou a transfere nan lekòl anndan Vil Nouyòk, **aparèy teknoloji asistans obligatwa IEP** dwe transfere avèk li pou yon adrès nouvo lekòl. Pandan ptit ou a soti nan klas **8yèm ane pou ale nan lekòl segondè**, asire ou mande ekip IEP a pou asire aparèy teknoloji ki bay sipò pou IEP ptit ou a ap disponib lè yo rive nan lekòl segondè yo.

Objektif Apre-lekòl Segondè yo ka mezire

(Pou elèv ki gen 14 zan oswa plis)

Objektif apre-lekòl segondè yo ka mezire ak idantifye objektif alontèm pou viv, travay ak aprann kòm yon adilt. Ekip IEP ap diskite bezwen ptit ou, enterè ak sa li pa renmen pou kreye objektif ak planifye aktivite ki prepare ptit ou pou lavi apre lekòl segondè.

Ki kesyon pou poze

- Kòman lekòl la ede ptit mwen an prepare pou edikasyon ak trening** apre lekòl segondè?
- Kòman lekòl la ede ptit mwen an prepare pou yon karyè** apre lekòl segondè?
- Ki sèvis lekòl la bay ptit mwen prepare pou viv endependan **apre** lekòl segondè?
- Kòman objektif sa yo konpare enterè ptit mwen, pwen fò, ak plan karyè?
- Kòman w te itilize rezulta evalyasyon pwofesyonèl pou kreye objektif sa yo?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Objektif ak enterè ptit ou ki gen rapò avèk travay, edikasyon ak trening, ak viv endependan **apre** lekòl segondè

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Sonje fason epesifik kote lekòl la ap ede oswa pral ede ptit ou prepare pou kolèj/karyè ak viv endependan apre lekòl segondè.

Konsèy

- Nan laj 14 zan, ekip IEP a pral devlope **objektif Apre-lekòl Segondè yo ka mezire** dapre preferans ak enterè ptit ou, jan sa gen rapò avèk dyòb, edikasyon ak trening, ak abilite pou viv endependan.

Objektif anyèl yo ka mezire

Objektif anyèl yo ka mezire se objektif ptit ou a ka ranpli nan yon ane lekòl. Objektif yo ka se objektif akademik ki gen dwa pou wè avèk bezwen sosyal oswa fizik, li gen dwa gen rapò avèk bezwen edikasyon ke yo te idantifye nan PLOP la.. Ekip IEP a pral diskite bezwen ptit ou ak fason chak objektif pral adrese bezwen sa yo.

Ki kesyon pou poze

- Èske ptit mwen te reyisi objektif ane pase yo? Si non, ki sipò yo ta dwe ba li?
- Ki objektif ptit mwen pral bezwen satisfè avan pwochen reyinyon IEP a?
- Konbyen fwa ou suiv pwogrè pou chak objektif ak kòman w konnen lè objektif la satisfè?
- Kòman objektif sa yo gen rapò avèk domèn bezwen ptit mwen an ansanm avèk kourikoulòm Edikasyon jeneral?
- Ki pwogram edikasyon espesyal oswa sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related) chak objektif aliye?
- (Pou elèv yo rekòmande pou yon parapwofesyonèl 1:1, gwoup, oswa nan salklas)** Kòman yon parapwofesyonèl pral sipòte ptit mwen reyisi objektif anyèl li yo epi èske gen lòt objektif ki gen rapò espesifikman avèk parapwofesyonèl ptit mwen an?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Konseye nenpòt objektif ou panse ki ta itil ptit ou
- Pale sou pwogrè ptit ou a fè pou objektif li ane pase

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Ekri chak objektif epi montre jan li gen rapò domèn bezwen ptit ou

Objektif	Domèn bezwen

Rapòte Pwogrè bay Paran

Ekip IEP a pral diskite fason yo pral mezire pwogrè pitit ou ak jan yo pral enfòme w.

Ki kesyon pou poze

- Kilè ak kòman ou pral enfòme m sou pwogrè pitit mwen an?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Konbyen fwa ak kòman ou ta renmen yo enfòme w sou pwogrè pitit ou Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remark

Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande

Premye pati: Pwogram/Sèvis Edikasyon Espesyal

Gen anpil sèvis disponib pou sipòte ptit ou nan anviwonman ki gen mwens restriksyon. Ekip IEP a pral diskite si bezwen ptit ou ka satisfè nan yon yon klas edikasyon jeneral ak sipò, èd ak sèvis. Yo detèmine ptit ou a pa ka patisipe nan klas edikasyon jeneral yo, menm avèk èd apwopriye, Sèvis sipò pwofesè Edikasyon espesyal Espesyal Special Education Teacher Support Services (SETSS), sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) oswa nan yon klas ko-ansèyman entegre (Integrated Co-Teaching, ICT), yo pral konsidere lòt anviwonman tankou Klas epesyal oswa Lekòl espesyalize. Ekip IEP a pral diskite pwogram ak sèvis yo bay pou ptit ou.

Ki kesyon pou poze

- Ki edikasyon espesyal ak sèvis ki gen rapò ak edikasyon espesyal (related services) ptit mwen pral resevwa ak kilè y ap kòmanse?
- Kòman sèvis sa yo pral sipòte bezwen ptit mwen?
- Konbyen fwa ak ki kote yo pral bay sèvis yo?
- Èske sèvis sa yo te menm tankou ane pase? Poukisa oswa poukisa non ?
- Kòman pwogram ak sèvis sa yo, bay aksè nan anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE)?
- (Pou elèv yo rekòmande pou Klas epesyal oswa Lekòl Espesyalize)** Èske yo ap anseye ptit mwen an menm kontni ak pran menm egzamen tankou elèv parèy li ki gen andikap? Èske ptit mwen an pral nan salklas Edikasyon Jeneral pandan tout tan lekòl lajounen?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Panse, kesyon oswa enkyetid, sou sèvis ke yo rekòmande w
- Ki sèvis ou panse ki bay pi bon rezulta, ak si w santi tout sèvis yo pa egziste ankò satisfè bezwen ptit ou

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Sonje ki pwogram ak sèvis ptit ou pral resevwa, dat l ap kòmanse, adrès ak tan sèvis.

Konsèy

- **Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services)** ka ede yon elèv patisipe nan lekòl ak reyisi objektif edikasyon li. Kèk egzanp Sèvis ki mache avèk sèvis Edikasyon espesyal (Related Services) se terapi pou readaptasyon (occupational therapy), terapi fizik, ak terapi diksyon/langaj (Speech/ Language Therapy). IEP ptit ou an ta dwe rekòmande sèvis ki ede avèk bezwen espesyal (Related Services) nan **anviviwonman ki gen mwens restriksyon an**. Pou anpil elèv, y ap bay sèvis ki ede avèk bezwen espesyal nan salklas la. Sèvis ki ede avèk bezwen espesyal Founisè Sèvis ki gen pou wè ak edikasyon espesyal la pral travay avèk pwofesè, parapwofesyonèl ak lòt adilt pou sipòte ptit ou a.

Pwogram ak sèvis edikasyon espesyal yo rekòmande

Dezyèm pati: Sèvis ak/oswa pwogram (12 mwa) Ane lekòl pwolonje

Yo rekòmande sèvis Ane lekòl pwolonje pou elèv ki mande sèvis pandan jiyè ak out pou anpeche gwo bak (yon pèt aprantisaj konsiderab). Si nesesè, ekip IEP a pral diskite si pitit ou a mande sèvis ane lekòl pwolonje a.

Ki kesyon pou poze

- Èske pitit mwen an gen ris pou rete dèyè akoz li pèdi abilite oswa konesans pandan mwa ete yo? Poukisa oswa poukisa non ?
- Èske pitit mwen an elijib pou resevwa pwogram/Sèvis Edikasyon espesyal pandan ete a? Poukisa oswa poukisa non ?
- Ki pwogram/Sèvis Edikasyon espesyal pitit mwen an pral resevwa an ete a, si genyen? Kòman sèvis sa yo pral ede pitit mwen an pandan ane lekòl la?
- Kilè ak konbyen fwa ou ka bay sèvis sa yo?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Tout enkyetid mwen gen konsènan kapasite pitit ou pou retni konpetans yo, konesans ak fè pwogrè pandan mwa ete yo?

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Site sèvis ak pwogram yo rekòmande pou pitit ou avèk tout detay tankou lajè gwoup oswa tan l ap dire. Si enfòmasyon an disponib, ou ta dwe site non founisè ki pral travay avèk pitit ou a.

Konsèy

- Akoz diferans nan pwogram ak kourikoulòm nan Lekòl segondè, konbyen fwa ak ki kote sèvis yo bay yo (founi) ka chanje. Nan reyinyon IEP pitit ou nan **klas 8yèm ane**, mande ekip IEP a sou tout differan pwoblèm ki ka egziste ant lekòl presegondè ak segondè konsa oumenm ak pitit ou ka gen tan antisipe pwoblèm sa yo.
- Nan Lekòl segondè, ratio Klas espesyal Ia **12:1** vini **15:1**. Nan reyinyon IEP pitit ou nan **klas 8yèm ane**, ekip IEP a ta dwe eksplike chanjman sa a ak endike li pral fèt lè pitit ou a kòmanse lekòl segondè an otòn.

Akomodasyon pou egzamen

Kèk timoun k ap aprann nan plizyè lang (Multilingual Learner, MLL) ak sa ki gen andikap ka benefisyé akomodasyon/aranjman pou egzamen pou ba yo sipò yo bezwen pou montre konpetans, konesans ak abilité san andikap oswa fasilité yo nan anglè pa nesesèman gen enpak sou yo. Akomodasyon/aranjman pou egzamen se chanjman nan fòm egzamen ak/oswa fason yo bay egzamen. Akomodasyon pou egzamen pa chanje konpetans yo oswa kontni ke egzamen yo mezire, ni yo pa la pou fè egzamen yo pi fasil. Ekip IEP a pral diskite posib akomodasyon/aranjman pou egzamen pou pitit ou. Egzanp yo gen ladan aranjman espesyal kote l ap chita a; kesyon y ap li oswa reli awotvwa, tan anplis, etc.

Ki kesyon pou poze

- Kisa akomodasyon pou egzamen ye ak Èske pitit mwen bezwen sa?
- Ki tip akomodasyon/aranjman pou egzamen pitit mwen an pral resevwa? Kilè pitit mwen an pral resevwa sa?
- Kòman akomodasyon pou egzamen sa yo pral pèmèt pitit mwen an montre sa li konnen?
- Nan ki tip evalyasyon pitit mwen an pral resevwa akomodasyon sa yo?

Lòt kesyon mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Dekri sipò w kwè ki pral ede pitit ou a pèfòme byen nan toulede evalyasyon: salklas ak eta a

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Site akomodasyon ak sipò pitit ou a pral resevwa nan evalyasyon eta a ak nan salklas la.

Konsèy

- Yo ta dwe itilize **Akomodasyon pou egzamen** tout tan pou evalyasyonnan salklas, distri a ak leta. Mande ekip IEP a pou eksplike diferan tip evalyasyon ak lè yo ka itilize chak akomodasyon.
- Menmsi pitit ou patisipe nan **Evalyasyon Altène Leta Nouyòk (New York State Alternate Assessment, NYSA),** li enpòtan pou diskite akomodasyon/aranjman pou egzamen. Anplis akomodasyon/aranjman pou egzamenn nan NYSA, elèv yo pral resevwa tou akomodasyon/aranjman pou egzamen nan egzamen nan salklas ansanm avèk nan tout evalyasyon nan tout lekòl la.
- Nan **klas 8yèm ane a**, elèv yo elijib pou patisipe nan konkou pou admision nan lekòl segondè espesyalize (Specialized High Schools Admissions Test, SHSAT) ak nan Fiorello H. LaGuardia High School of Music, Art and Performing Arts (LaGuardia High School) odisyon LaGuardia High School. Elèv IEP li mande pou li benefisyé akomodasyon/aranjman pou egzamen ka resevwa kèk akomodasyon/aranjman pou egzamen nan SHSAT ak odisyon nan LaGuardia High School . Mande ekip IEP a enfòmasyon konsènan bezwen akomodasyon/aranjman pitit ou.

Seri Aktivite Tranzisyon kowòdone

(Pou elèv ki gen 14 zan oswa plis)

Sèvis tranzisyon yo se yon seri aktivite kowòdone ki sipòte objektif ptit ou a pou apre lekòl segondè. Sèvis tranzisyon ede nan aktivite lè ptit ou a ap kite lekòl pou aktivite lè li fini lekòl avèk objektif pou kontinye edikasyon, travay, ak lavi endepandan. Ekip IEP a pral diskite aktivite espesifik ptit ou, l ap okipe tou bezwen endividyèl li, pwen fò ak enterè li.

Ki kesyon pou poze

- Ki tip enstriksyon espesyalize, sèvis, oswa eksperyans lekòl la pral bay pou prepare ptit mwen pou lavi **apre** lekòl segondè?
- Kòman aktivite sa yo ale avèk pwen fò, preferans ak enterè ptit mwen an?
- Kòman aktivite sa yo ale avèk objektif pou lavi a apre lekòl segondè ptit mwen an?
- Ki manm estaf oswa ajans ki pral sipèvize chak aktivite?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Objektif pou ptit ou ki gen rapò ak edikasyon, dyòb ak lavi endepandan **apre** lekòl segondè
- Objektif ak enterè ptit ou pou lavi apre lekòl segondè

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Ekri fason espesifik yo ka prepare ptit ou pou lavi apre lekòl segondè.

Konsèy

- Lè ptit ou gen 14 zan (oswa pi piti, si posib) ekip IEP a pral kòmanse plan pou sipòte ptit ou a lè li fini lekòl segondè pou antre nan lavi a apre lekòl. Nan reyinyon anyèl IEP ptit ou a nan **klas 9yèm ane**, mande ekip IEP a pwogram oswa sèvis pou sipòte pasaj kote ptit ou fini lekòl pou ale nan aktivite apre lekòl.

Patisipe nan evalyasyon onivo tout distri a ak eta a

Ekip IEP a pral diskite si ptit ou a pral patisipe nan evalyasyon Eta ak onivo Distri ak ki tip akomodasyon, si genyen, ptit ou a pral bezwen pandan y ap bay egzamen sa yo. Si ptit ou a pa pral patisipe nan evalyasyon onivo Distri a ak eta a, ekip IEP a pral pale sou kòman yo pral mezire pwogrè ptit ou a tankou nan patisipasyon nan evalyasyon Leta Nouyòk (New York State Alternate Assessment, NYSA).

Ki kesyon pou poze

- Èske ptit mwen an pral patisipe nan menm evalyasyon onivo distri ak eta a tankou elèv jeneral edikasyon yo? Si w reponn non, poukisa?
- Èske tip evalyasyon ptit mwen an pral pran **kounye a** ap afekte opsyon lekòl li oswa gradyasyon li nan **lavni**?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Objektif edikatif alontèm oumenm ak ptit ou onivo gradyasyon nan lekòl segondè ak objektif kolèj ak karyè

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Ekri evalyasyon espesifik ptit ou pral pran ak nenpòt sa yo dispanse li.

Konsèy

- Elèv yo kòmanse prepare pou aplike nan lekòl segondè nan klas **7yèm ane**. Sèlman elèv ki pran egzamen Regents eta nouyòk elijib pou gen diplòm lekòl segondè. Mande ekip IEP a enfòmasyon sou evalyasyon ptit ou ak enpak li pral gen sou opsyon diplòm li.

Patisipasyon avèk elèv ki pa gen andikap

IEP a dwe eksplike degre kote ptit ou a pral patisipe avèk elèv parèy li ki pa gen andikap nan klas edikasyon jeneral ak lòt aktivite lekòl. Si yo pa pèmèt yon elèv ale nan manje midi, pwomnad lekòl oswa asanble avèk rès lekòl la, yo dwe mete sa nan IEP a.

Ki kesyon pou poze

- Kilè ak kibò ptit mwen pral patisipe avèk lòt timoun parèy li ki pa gen andikap?
- Èske ptit mwen pral patisipe nan yon klas altène edikasyon fizik (PE)? Kisa sa pral sanble?
- Èske y ap egzante ptit mwen pou pran yon diplòm nan lòt lang ki pa lang Anglè?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Degre kote ou ta renmen ptit ou patisipe avèk timoun parèy li ki pa gen andikap nan yon klas jeneral edikasyon

Lòt enfòmasyon mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Ekri klas ak/oswa lè espesifik nan jounen an lè ptit ou a pral patisipe avèk elèv ki pa gen andikap. Site kèk sipò oswa akomodasyon espesyal ke yo pral rekòmande.

Konsèy

- Nan dènye limit sa apwopriye, yo ta dwe anseye timoun ki gen andikap avèk lòt timoun ki pa gen andikap. Se lalwa, men tou rechèch montre plis tan yon elèv pase nan salklas Edikasyon Jeneral ap kondui ak nòt ki pi wo nan egzamen ofisyèl, mwens absans nan lekòl, ak mwens rekòmandasyon pou move konpòtman. Rezulta sa yo te endependan sou andikap elèv, gravite andikap la, sèks ak estati sosyoekonomik.
- Nan lekòl presegondè, elèv yo rekòmande pou klas espesyal pral souvan wwayage ant sal klas epi gen diferan pwofesè. Li pwobab li pral gen tou klas avèk diferan gwoup elèv. Ou ka swete poze kesyon sou pwogram nan lekòl ptit ou ye a, ak fason pou prepare pi byen ptit ou pou tout chanjman.

Mwayen transpò espesyal

Transpò espesyalize vle di yo pral bay transpò nan otobis lekòl, pase chèche li nan yon zòn ki gen ansekirite ak pi pre lakay ou. Yo mete 2 anplwaye estaf nan otobis lekòl la: yon chofè otobis la ak yon èd pou sipèvize elèv yo. Kèk elèv mande lòt akomodasyon, tankou tan vwayaj limite, parapwofesynèl transpò endividyle, enfimyè, ak lòt akomodasyon medikal. Akomodasyon medikal mande dokiman medikal resan nan men doktè k ap tabli kondisyon medikal ptit ou ak poukisa li mande akomodasyon. Ekip IEP a pral diskite si ptit ou a mande transpò espesyalize.

Ki kesyon pou poze

- Èske ptit mwen an pral bezwen transpò ale retou nan klas oswa pwogram espesyal ki nan yon lòt lokal?
- Ki fòm ki nesesè pou mande plis akomodasyon pou transpò epi bay ki moun yo ta dwe soumèt yo? (Ou ta dwe mande sa davans nan reyinyon IEP a konsa ou ka soumèt tout dokiman nesesè pou gade avan reyinyon a.)

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Si wi oswa non ptit ou a itilize transpò piblik
- Si ptit ou a gen bezwen ekipman espesyalize, ki mande mwayen transpò espesyal?
- Tout swen oswa sipò espesyal ptit ou a ka bezwen pandan transpò
- Tout rezon ki lakoz ptit ou pa ka vwayaje ale retou lekòl san asistans
- Tout jesyon ak sipò ptit ou mande nan otobis la pou ale retou lekòl poutèt yon andikap medikal/òtopedik kwonik, yon defisyans koyitif grav, oswa yon andikap emosyonèl grav ak konpòtman agresif ak/oswa aksyon dokimante.
- Dokiman medikal resan ak fòm k ap detaye bezwen fizik ak sante ptit ou.

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remak

Sijesyon: Site tout fòm transpò oswa sipò espesyalize ptit ou elijib pou jwenn ak pwochen etap oumenm ak/oswa ekip ta ka bezwen pran mete ansekirite sipò sa yo.

Konsèy

- Sijesyon: Site tout fòm transpò oswa sipò espesyalize ptit ou elijib pou jwenn ak pwochen etap oumenm ak/oswa ekip ta ka bezwen pran mete ansekirite sipò sa yo.

Rekòmandasyon pou yon plas

Rekòmandasyon pou yon plasman vle di kad edikasyon kote IEP ptit ou pral enplemente. Plasman an pral site tip kad la kote ptit ou pral resevwa pwogram ak sèvis edikasyon espesyal ak sèvis yo (tankou lekòl kominotè, Distri 75, oswa lekòl prive). IEP a fòme baz pou rekòmandasyon pou plasman. Sèlm an apre ekip IEP a fin konsidere ak devlope tout konpozant IEP ptit ou a, paegzanp idantifikasyon fòs, bezwen, objektif ak sèvis nesesè pou satisfè objektif sa yo, ekip IEP a pral detèmine plasman rekòmande a ki apwopriye pou ptit ou.

Ki kesyon pou poze

- Èske rekòmandasyon pou plasman ptit mwen an gen yon enpak sou kote li ale lekòl **kounye a** oswa **alavni**
- Èske plasman sa a reprezante anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE) pou ptit mwen an?
- Èske rekòmandasyon pou plasman ptit mwen an pral afekte opsyon diplòm lekòl segondè li?
- (Pou rekòmandasyon pou plas nan yon Lekòl espesyalize NYC DOE, yon lekòl prive yo apwouve, oswa enstriksyon adomisil)** Èske yo pral anseye ptit mwen an menm kontni ak pèmèt li pran menm egzamen tankou elèv parèy li ki pa gen andikap?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Preferans ou an fonksyon kote ptit ou ale lekòl
- Tout enkyetid ou genyen konsènan enpak rekòmandasyon pou plasman sou rezulta oswa opsyon pou lekòl ptit ou

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Anrejistre plasman w rekòmande ansanm avèk enfòmasyon sou rezon yo konsidere Anviwònman ki gen mwens restriksyon (Least Restrictive Environment, LRE) pou ptit ou a. Sonje tout enfòmasyon espesifik konsènan plasman ou vle sonje apre reyinyon a.

Konsèy

- Kèk rekòmandasyon pou plasman tankou Lekòl espesyalize NYC DOE, pwogram espesyalize oswa lekòl prive yo apwouve, lekòl lajounen ak lekòl rezidansyèl, ka gen yon enpak sou konpetans ptit ou pou ale nan sektè/zòn jewografik (Zoned schools) oswa lekòl ki nan katye yo chwazi. Espesifikman pou elèv nan **klas 8yèm ane**, kèk rekòmandasyon pou plasman ka gen yon enpak sou opsyon chwa Lekòl Segondè ptit ou. Mande ekip IEP a pou eksplike tout efè rekòmandasyon pou plas la ka gen sou opsyon ptit ou a.

Rezime

Premye pati: Kritè pou chanje klas

Si ptit ou a ap patisiye nan evalyasyon nan tout vil la ak eta a, ekip IEP a pral detèmine si y ap soumèt ptit ou a avèk menm kritè pou chanje klas ansanm avèk lòt elèv yo oswa si ptit ou a pral suiv diferan kritè pou chanje klas pou avanse nan pwochen klas la. Si yo rekòmande pou modifye kritè pou chanje klas, IEP a dwe dekri kritè yo.

Ki kesyon pou poze

- Kòman yo pral deside kritè pou soti nan yon klas pou ale nan pwochen klas la?
- Ki kritè ofisyèl pou chanje klas ak kòman etabli kritè pou chanje klas ptit mwen an konparezon ak sa?
- Èske kritè pou chanje klas yo rekòmande yo prepare ptit mwen pou satisfè nòm yo finalman?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Atant pou ptit ou an fonksyon konpetans li satisfè nòm nivo klas

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Konsèy

- Se sèlman yon ti pouvantaj elèv ki gen IEP k ap bezwen kritè pou chanje klas ki modifye. Si ptit ou a bezwen kritè ki modifye pou chanje klas, l ap bezwen satisfè objektif anyèl pou literacy ak/oswa matematik nan IEP li oswa l ap bezwen fè bon jan pwogrè pou li satisfè objektif sa yo pou l ka chanje klas. Si yo rekòmande kritè ki modifye pou chanje klas yo, IEP a dwe dekri kritè sa a ak rezon ki fè ptit ou a bezwen kritè ki modifye pou chanje klas la. Li enpòtan pou sonje modifikasyon kritè pou chanje klas la tanporè epi li pa egziste nan lekòl segondè.

Rezime

Dezyèm pati: Enkyetid Paran/Lòt opsyon yo konsidere

"Paj rezime" IEP a gen ladan de konpozant enpòtan: "Lòt opsyon yo konsidere ak enkyetid paran." Ekip IEP a pral site tout kad edikatif ke yo te konsidere ak rezon yo te rejte nan seksyon "Lòt opsyon yo konsidere" yo. Paegzanp, lè y ap diskite plasman, ekip IEP a pral konsidere yon salklas Edikasyon Jeneral nan yon lekòl kominotè. Si yo rejte sa a, IEP a dwe deklare rezon ki fè yo te rejte l la. Seksyon "Enkyetid paran" pral dokimante tout enkyetid jeneral ou ka genyen konsènan edikasyon pitit ou oswa sèvis Edikasyon espesyal.

Ki kesyon pou poze

- Ki opsyon ekip IEP a te konsidere akote sa nou te diskite yo nan seksyon **Pwogram /Sèvis Edikasyon Espesyal Rekòmande?**
- Poukisa yo te rejte opsyon sa yo?

Lòt kesyon Mwen vle poze:

Ki enfòmasyon pou pataje

- Tout lòt opsyon sèvis Edikasyon Espesyal ke ou ta panse ka benefisyé pitit ou a.
- Tout lòt enkyetid ou genyen konsènan edikasyon oswa sèvis Edikasyon espesyal pitit ou. Ekip IEP a pral dokimante enkyetid ou nan seksyon sa a.

Lòt enfòmasyon Mwen vle pataje:

Remark

Sijesyon: Site tout lòt pwogram ak/oswa sèvis ke w te konsidere epi poukisa yo te rejte yo ak tout lòt enkyetid ou ka genyen sou edikasyon pitit ou.

Konsèy

- Yo atann pou lekòl yo satisfè bezwen elèv yo jan yo dekri nan IEP yo. Yo pa dwe voye jete yon sèvis paske yo pa te bay li avan nan yon lekòl. Si w dakò ke pwogram IEP a rekòmande a apwopriye pou pitit ou a, lekòl la dwe bay pwogram la. Si w gen enkyetid sou abilite lekòl la pou bay yon pwogram patikilye oswa sèvis, ou ta dwe diskite enkyetid ou avèk direktè a. Si apre w fin pale avèk direktè a ou gen plis enkyetid, ou ka pale avèk Kowòdonatè sipò pou fanmi an nan biwo sipètentandan distri a.

Nòt

Sijesyon: Itilize espas sa a pou pran nòt final oswa rapèl pou tèt ou. Ou ta renmen konnen lè w ka resevwa IEP final la ak kòman yo pral voye l ba ou.

Nòt

Nòt

Poze Kesyon ak Pataje Enfòmasyon

Yon zouti pou fanmi ak lekòl pou kreye yon IEP ki
santre sou elèv lekòl presegondè



Pou plis enfòmasyon, telephone 718-935-2007
oswa ale sou www.schools.nyc.gov/specialeducation